

## **GEN CHANJMAN KI FÈT NAN MANYÈL POU MANM OU A POU L KA GEN PLIS SÈVIS | DEPISTAJ AK SÈVIS POU BEZWEN SOSYAL KI GEN RAPÒ AK SANTE (HRSN, AN ANGLÈ).**

Apati **1ye janvyè 2025**, ou ka konekte ak òganizasyon nan kominote w la ki bay sèvis pou ede w nan lojman, manje, transpò ak jesyon swen gratis pou ou, atravè yon Rezo Swen Sosyal rejyonal (SCN, an anglè).

- Atravè SCN sa a, ou ka rankontre ak yon Navigatè Swen Sosyal ki ka tcheke kalifikasyon w pou sèvis ki ka ede w ak sante w. Y ap poze w kèk kesyon pou w wè ki kote w ka bezwen kèk sipò anplis.
- Si w kalifye pou sèvis, Navigatè Swen Sosyal la ka travay avèk ou pou jwenn sipò w bezwen an. Sa a depann sityasyon w, ou ka kalifye pou plis pase yon sèvis. Sèvis sa yo ka gen ladan:
  - Sipò pou lojman ak sèvis piblik:
    - Enstale modifikasyon lakay ou tankou ranp, balistrad ak ba pou fè kay ou aksesib epi an sekirite.
    - Repare epi fikse fwit dlo pou anpeche mwazi plen kay ou.
    - Bouche twou ak fant pou anpeche ensèk nuizib antre lakay ou.
    - Bay yon èkondisyone, aparèy chofaj, imidite oswa dezimidifikatè pou ede amelyore vantilasyon lakay ou.
    - Ede w jwenn epi aplike pou lojman ki an sekirite epi ki estab nan kominote a.
  - Sèvis transpò:
    - Ede w ak aksè nan transpò piblik oswa prive nan kote SCN apwouve tankou: ale nan yon entèvyou travay, kou pou paran, tribinal lojman pou anpeche degèpisman ak biwo depatman vil la oswa leta pou jwenn dokiman enpòtan.
  - Sèvis jesyon swen
    - Jwenn èd pou jwenn yon travay oswa pwogram fòmasyon travay, aplike pou benefis piblik, jere finans ou, ak plis ankò.
    - Konekte ak sèvis tankou gadri, konsèy, entèvansyon kriz, pwogram kay an sante, ak plis ankò.

Si w enterese, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan 855.355.MLTC (6582) (TTY: 711): Rele Lendi rive Vandredi, 8am - 8pm, Samdi 9am - 5pm N ap mete w an kontak ak yon SCN nan zòn ou an. Navigatè Swen Sosyal la ap verifye kalifikasyon w, ap ba w plis enfòmasyon sou sèvis sa yo epi l ap ede w antre an kontak ak yo.